



Nèf nouvo lekòl, posiblite san limit

Chè Nouyòkè,

Nou gen anviwon [1600 lekòl distri](#) nan vil nou an, epi yo ofri anpil opòtinite pou elèv ak fanmi nou yo. Nou gen lekòl kote elèv yo pase mwatye jounen yo [ap etidye nan yon lòt lang](#). Nou gen lekòl kote elèv yo [fè estaj \(epi yo peye yo\)](#) nan konpayi ki gen renomey. Nou gen lekòl kote elèv yo jwenn kalifikasyon pou endistri reyèl [nan pakèt domèn](#).

Epi mwen santi m fyè pou fè konnen tou, nou ap ouvri [nèf nouvo lekòl tou nèf pandan otòn sa a](#). Pat janm gen lekòl sa epi yo inik, epi yo se rezilta dirèk ki soti nan gwo angajman kominote a. Fanmi nou yo te fè nou konnen sa yo t ap chèche nan lekòl yo, epi nou te reponn. Nouvo lekòl yo genyen ladan yo:

- Pwogram ranfòsman lang etranje nan [Mandaren](#), [Arab](#), ak [Panyòl](#);
- Premye pwogram lekòl primè distri [Montessori](#) ki egziste nan NYC;
- Yon [lekòl kote pou fè rechèch](#) ke Brooklyn New School enspire;
- Lekòl ki pral kiltive lanmou pou [deba](#), [STEAM](#), ak [antreprenarya](#);
- Ak [Motion Picture Technical High School](#), ki pral prepare elèv pou travay ki byen peye nan endistri fim ak televizyon.

Anplis, nan kad angajman mwen pou ouvri twa lekòl segondè akselere nan katye ki pa jwenn anpil sèvis yo, n ap lanse yon [Bard High School Early College](#) nan East New York, Brooklyn, kote elèv yo ka jwenn yon diplòm kolèj dezan—gratis—pandan yo toujou nan lekòl segondè. Yo pral rezève omwen 80% plas yo pou elèv ki soti nan kominote a ak lòt katye nan mitan Brooklyn.

Nou ap tann tou pou sezon otòn 2025 la, lè n ap ouvri yon nouvo [health sciences high school](#) nan kolaborasyon avèk Northwell Health epi avèk sipò yon investisman prèske 25 milyon dola òganizasyon Bloomberg Philanthropies fè. Nan menm tan, nou pral lanse Bronx STEAM Center ak Montefiore Medical Center ak Bronx Community Foundation. Pou elèv nou yo ki pasyone sou swen sante ak teknoloji, sa yo pral bay opòtinite pou chanje jwèt.

Pandan nouvo lekòl nou yo pral dispèse nan plizyè distri ak nivo klas, yo tout gen yon bagay an komen: yo reimajine eksperyans elèv la. Mwen pa ka tann pou wè enpak yo fè ansanm lè yo ouvri pòt yo pou timoun nou yo. Posiblite yo pa gen limit.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).